



# Kouvri avèk dwèt ou



## Aprann ti konsèy la

1. **Itilize dwèt ou pou jwenn pati yo ki nan mo a:** Ede pitit ou itilize dwèt li pou montre ou pati mo a li konnen tankou “ip” oswa “pre.”
2. **Itilize dwèt ou pou jwenn ti mo ou konnen yo:** Ede pitit ou chèche ti mòso ak silab li kapab li fasil yo tankou “an” nan mo stand.
3. **Itilize dwèt ou pou separe mo konpoze yo:** Mo konpoze yo se mo tankou baseball, lunchtime. Yo se mo ki gen ladan yo toutbon de mo ki kole ansanm.

### Pou kisa ti konsèy sa a?

Mo konplike yo kapab long anpil ak dekourajan! Timoun yo kapab itilize dwèt yo pou kouvri diferan pati mo yo epi fè mo yo sanble pi piti. Answit yo kapab chèche son ak mo yo konnen.



## Mande pitit ou

*Timoun ki pi jèn yo:*

- An nou kouvri yon pati nan mo sa a. Ki pati nou ta dwe kouvri avèk dwèt ou?
- Èske ou wè nenpòt pati ou konnen andedan mo a?
- Èske ou kapab separe mo a an de pati pi piti?

*Pi gran timoun yo*

- Èske ou wè nenpòt pi piti mo ou konnen andedan mo a?
- Èske ou wè fen nenpòt mo ou konnen deja?
- Èske ou kapab separe mo konplike a an silab?
- Èske ou wè nenpòt m ou konnen ki andedan mo long lan? (Egzanp: “lip” nalipstick oswa “ear” nan earwax)



## Pratike avèk kè kontan

Jwe jwèt “Cut it up!”

- Avèk pitit ou, jwenn 8 mo pi long (4+ lèt)nan liv lekti pitit ou.
- Ekri chak nan mo yo sou yon mòso papye.
- Answit chwazi yon mo. Envite pitit ou pou koupe mo a apa an piti pati mo a. Pratike di mo a an pati yo epi answit pratike di li ansanm.
- Fè sa ankò avèk pwochen mo a jiskaske ou fè tout 8 mo yo.

